

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar tina pedaran saacanna, bisa dicindekkeun:

##### **1. Galuring Hirup Tatang Sumarsono**

Tétéla loba kasaluyuan galuring hirup antara tokoh utama Gunadi tur Panji jeung pangarangna, TS. Kasaluyuan éta diantarana waé, nyaéta: nulis jeung wartawan, resep kana organisasi, resep kana kapecintaalaman, maén catur jeung gapléh, popotoan, moro, jeung beuki udud.

Réa diantarana kasaluyuan antara tokoh Gunadi jeung TS, atawa ogé tokoh Panji jeung TS. Tapi aya ogé kasaluyuan diantara dua tokoh éta jeung TS, saperti: ngagantungkeun hirupna tina tulisan, resep icikibung diorganisasi, jeung pamadegan ka pamaréntah.

Tapi kasaluyuan éta lain mangrupa inti tina carita, tapi pikeun ngawarnaan wungkul eusi carita. Sabab, najan dikumahakeun ogé, pangalaman pribadi pangarang tangtuna bakal mangaruhan kana eusi karyana. Fakta carita dina eusi karya sastra teu bisa ngan saukur hasil implengan wungkul, tapi ngaliwatan hal-hal anu kaalaman ku pangarang anu di ébréhkeun dina wangun runtuyan carita.

##### **2. Kalungguhan Sosial Tatang Sumarsono**

Lian ti éta, kasang tukang jeung lingkungan ogé boga pangaruh gedé kana eusi karya anu diciptakeun ku pangarangna. Ngaran-ngaran tempat katut tokoh tara jauh tina kahirupan sapopoé TS. Saperti ngaran-ngaran tempat tur ngaran-ngaran tokohna anu teu jauh tina kahirupanana.

Ngan béda deui jeung pamadegan, anu aya dina eusi carita mah, éta mangrupa inti tina eusi carita. Pan ku dijieunna karya sastra téh mangrupa hiji ébréhan pamadegan dumasar kana idéologis pangarangna salaku hiji gambaran tina kanyataan harita. Hal-hal anu tumali jeung pamadegan Panji tur Gunadi ka pamaréntah, nya éta pisan bahan anu hayang ditepikeun ka pamacana.

Saperti ngeunaan konsép nagara anu kudu dirobah jadi fédéralis, lain hal anu ngalanggar bebeneran, sabab ningali kana konsép nagara kesatuan, anu paling diuntungkeunana mah ngan saukur di pusat, ari pikeun daérah mah kabagean saeutik sésana wungkul. Tapi saupama konsép nagara fédéralis mah, tiap daérah boga kawijakan masing-masing.

Teu rumojongna dina pemilu ogé salaku hiji sikep nolak kana sistem pamilihan anu ngan saukur formalitas wungkul, sabab ka hareupna geus bisa kanyahoan mana nu pasti bakal meunang.

Kitu pamadegan TS kana kaayaan perpolitikan harita anu hayang ditepikeun ka para pamacana, sakaligus mangrupa hiji dokuméntasi sajarah.

### **3. Kasaluyuan Galuring Hirup Tatang Sumarsono jeung Fakta Carita Novél**

Ku kituna, karya sastra bisa mangaruhan ka masarakat pamacana, sakaligus karya sastra ogé moal bisa leupas tina pangaruh lingkungan di mana pangarangna hirup. Saupama ditilik tina galuring hirup pangarangna tétéla novél GG téh mangrupa terusan tina novél KKKK. Hal éta dumasar tina fakta carita Gunadi jeung Panji anu duméh sarua.

## 5.2 Saran

Saréngséna nalungtik ngeunaan Perspektif Biografis dina Novél *Kolebat Kuwung-Kuwungan Kinasih Katumbirian Jeung Galuring Gending* Karya Tatang Sumarsono: Analisis Sosiologi Sastra, tangtuna loba kénéh kakuranganana. Ku sabab kitu aya sababaraha saran nu hayang ditepikeun ti panyusun. Diantarana:

1. Panalungtikan ngeunaan perspektif biografis perlu dironjatkeun deui lantaran pikeun ngaeyeuban deui ngeunaan biografi atawa galuring hirup pangarang Sunda.

Perspektif biografis ogé bisa dijadikeun babon ku para guru pikeun bahan pangajaran basa Sunda di sakola-sakola ngeunaan biografi.